

# 150      *Marani sing Mbutuhké* (Matéus 9:37, 38)

1. Yéhuwah wis nyedhiyani,  
    carané bèn isa ngabdi.  
Aku dadi bungah ati,  
    merga isa t'rus ngabekti.

*(REFREIN)*

*Ngabekti, t'rus ngabdi,  
    marang Yah Gusti.*

*Panggon sing mbutuh'ké, parani,  
    merga nresnani.*

2. Endi waé tak kabari.  
    Sing mbutuh'ké tak tekani.  
Kuwi tandha nèk perduli.  
    Péngin mbantu uga mbagi.

*(Refrein)*

3. Kabèh cara wis tak coba.  
    Martak'ké ing désa kutha.  
Klebu nganggo basa liya.  
    Bèn kabèh wong isa nampa.

*(Refrein)*